Қишлоқ хўжалиги фанлари доктори, профессор У.Е.Исмаиловтың өмир жолы ҳәм илимий педагогикалық хызметлери ҳаққында



Узақбай Ембергенович Исмаилов 1951 жылы 12 сентябрде Қарақалпақстан Республикасы Тахтакөпир районында туўылған. Ол 1959-1969 жылларда Шымбай қалалық №2 санлы орта мектепти табыслы тамамлап, 1970 жылы Самарқанд аўыл хожалық институтының “Агрономия” факультетине оқыўға киреди. 1975 жылы “Илимпаз-агроном” қәнигелигин алғаннан кейин жоллама менен Қарақалпақстан дийқаншылық илим изертлеў институтына жумысқа келеди. Ол институттың “Алмаслап егиў ҳәм топырақ өнимдарлығы” лабораториясында киши, аға илимий хызметкер, лаборатория баслығы, агротехника бөлими баслығы, директордың илимий ислер бойынша орынбасары лаўазымларында 1998 жылға шекем ислейди.

1978-1980 жыллары Пүткил союзлық пахташылық илим изертлеў институты аспирантурасында оқыйды. Бул жерде профессор Н.Ф.Беспалов басшылығында илимий жумыслар алып барып, 1983 жылы “Қарақалпақстан Республикасы арқа зонасында ғаўашаны суўғарыў режимин оптималластырыў” атамасында диссертациясын табыслы жақлап, аўыл хожалық илимлери кандидаты илимий дәрежесин алады.

Қарақалпақстан Республикасы жерлериниң мелиоративлик аўҳалы қанаатландырарсыз ҳәм топырақ өнимдарлығы төмен болыўы менен Өзбекстанның басқа зоналарынан өзгешеленеди.

Соның ушын, жас алымды суўғарылатуғын жерлердиң мелиоративлик аўҳалын жақсылаў ҳәм топырақ өнимдарлығын арттырыў машқалалары ойландырады. Кейинги жыллардағы илимий жумысларды мине усы

машқалалардың шешимин табыўға бағышлайды. Ол 1975 жылдан 2000 жылға шекем топырақ өнимдарлығын арттырыў жолларын табыў ушын дийқаншылық институтында, кейин ала 2003 жылдан ҳәзирге шекем Ташкент мәмлекетлик аграр университети Нөкис филиалында илимий жумыслар алып барады. Мине усы алып барылған илимий жумысларды улыўмаластырып Н.Ф.Беспалов басшылығында “Ҳәр түрли алмаслап егиў схемаларының нәтийжелилигин, топырақ өнимдарлығын арттырыў ҳәм оларды Қарақалпақстан Республикасы зоналарында дифференциацияластырыў принциплериниң илимий тийкарлары” атамасында 1995 жылы аўыл хожалық илимлериниң докторы илимий дәрежесин алыў ушын диссертациясын жақлайды. Бул жумысқа атақлы илимпазлардан профессорлар З.С.Турсунхожаев, А.Қ.Қашқаров, Б.Г.Алеев, И.В.Массино, Ш.Ибрагимов, А.Журақуловлар жоқары баҳа береди.

У.Е.Исмаилов 1998 жылы Шымбай районы ҳәкимяты аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими бас қәнигеси, 1999-2003 жылларда район ҳәкиминиң аўыл ҳәм суў хожалығы мәселелери бойынша биринши орынбасары, аўыл ҳәм суў хожалығы басқармасы баслығы лаўазымларында жумыс алып барады.

Ол 2003 жылда жаңадан шөлкемлестирилген Ташкент мәмлекетлик аграр университети Нөкис филиалына директор лаўазымына таярланады.

2005 жылы профессор, 2015 жылы Туран илимлер академиясы академиги болып тастыйықланды ҳәм 2021-жылы «Қарақалқақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери» атығы берилди.

У.Исмаилов Республика фермерлерине жәрдем бериўден, семинарларда оларға түсиник бериўден шаршамады. Ол аўыл хожалығының дийқаншылық тараўы бойынша қәнигелер ҳәм фермерлер ушын “Пахташылықта алмаслап егиўдиң әҳмийети”, “Топырақ өнимдарлығын арттырыўдың илимий тийкарлары”, “Дийқаншылық машқалалары ҳәм оларды шешиў жоллары”, “Ғаўаша агротехникасы”, “Жоңышқа агротехникасы”, “Аўыл хожалық егинлери агротехнологиясы” атамасындағы монографиялары жақсы қолланба болып хызмет етпекте.

Ол оқытыўшылық искерлиги даўамында студентлерге “Дийқаншылық”, “Дийқаншылық ҳәм мелиорация”, “Дийқаншылық илим изертлеў тийкарлары менен”, “Улыўма дийқаншылық”, “Гидроэкология” пәнлеринен жаңа педтехнология тийкарында лекциялар оқып, оларға терең билим бериўде бәркулла изленисте.

Жоқарыда көрсетилген пәнлер бойынша студентлер ушын “Дийқаншылық” (2012 ж.), “Дийқаншылық илим изертлеў тийкарлары менен” (2015 ж.), “Дийқаншылық ҳәм мелиорация” (2016 ж.), “Улыўма дийқаншылық” (2018 ж.), “Дийқаншылық илим изертлеў тийкарлары менен”

(2019 ж., өзбек тилинде), 2020 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик университети “Топырақтаныў” тәлим бағдары ушын “Улыўма дийқаншылық” ҳәм “Дийқаншылық ҳәм мелиорация” атамадағы сабақлықларын көп нусхада баспадан шығарды.

Студентлерге сабақ бериў менен бирге илимий жумысларды даўам еттирип, 2006-2008 жылларда “Пахта жетистириўде ресурс тежеўши технологияларды ислеп шығыў”, 2009-2011 жылларда “Қарақалпақстан Республикасы жағдайында дийқаншылықты биологияластырыўды тийкарлаў”, 2012-2014 жылларда “Арал теңизи қурыўының ғаўаша зүрәятлиги ҳәм топырақ өнимдарлығына тәсири, оның кери тәсирин болдырмаў илажлары”, 2015-2017 жылларда “Қубла Арал шор топырақлары жағдайында ғаўашаны азықландырыўда жергиликли агрорудаларды қолланыў технологиясын ислеп шығыў”, 2017-2018 жылларда “Қарақалпақстанның шор топырақларын жергиликли агрорудаларды қолланыў тийкарында саўалландырыў технологиясын ислеп шығыў” ҳәм 2018-2020 жылларда “Ғаўаша зүрәятлигин ҳәм топырақ өнимдарлығын арттырыўшы алмаслап егиў системаларын жетилистириў” атамасындағы мәмлеткелик грантлар тийкарындағы жойбарларының орынланыўында жойбар баслығы сыпатында қатнасты.

У.Исмаилов дийқаншылық тараўында кадрлар таярлаўға да итибар берип, 1 илим докторы, 4 илим кандидаты, көплеп магистрлар ҳәм бакалаврлар таярлады. Ҳәзирги күнде 3 докторант ҳәм 3 өз бетинше излениўши болажақ илим докторларына басшылық етпекте.

У.Исмаиловтың 300 ге жақын илимий мақалалары шет ел ҳәм республика журналларында, конференция материалларында жарық көрген болып, олардан 7 монография, 7 сабақлық, 14 оқыў қолланба, 10 методикалық қолланба, 20 усыныслар бар.

Ол “Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў ағласы”, “Мехнат фахрийси”, “Ғәрезсизликтиң 10, 20, 25 жыллығы” көкирек нышанлары менен сыйықланған.

Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм
агротехнологиялар институты ректоры: **М.Даулетмуратов**

Кәсиплик аўқамы комитетиниң баслығы: **М.Бердимуратов**